



BON SECOURS CHARITY HEALTH SYSTEM

A member of the
Westchester Medical Center Health Network

Règleman/Pwosedì

Tit: Règleman Èd Finansye - Charity Care	Dat anvigè: Janvyè 2016
Depatman: Sik revni	# Règleman: 2209
	Paj 1 sou 17

OBJEKTIF DOKIMAN AN Bon Secours Charity Health System (BSCHS), se yon òganizasyon swen sante ki pa gen bi fè pwofi, li devwe pou kontinye bay bon jan kalite swen a pasyan yo ak sèvi kominote a. Kòm yon kolaboratè nan kominote a, misyon Bon Secours Charity Health System se pou bay sèvis swen sante bon jan kalite, ak konpasyon bay sa yo ki nan bezwen, kèlkeswa kapasite yo pou peye BSCHS. BSCHS rekonèt ke li souvan nesèsè pou bay pasyan yo swen san yo pa peye oswa pou kantite lajan ki pi piti pase pousantaj ki etabli yo pandan n ap asire ke egzistans lopital la alontèm pa menase.

PÒTE Règleman sa aplike a tout anplwaye BSCHS yo, kontraktè yo (sa gen ladann ajans rekouvremant yo), ekip medikal la ak rezidan yo jan Règleman an ak Komite Pwosedì a otorize sa.

RESPONSABILITE

DEKLARASYON RÈGLEMAN Sa se règleman Bon Secours Charity Health System, sa gen ladann Good Samaritan Hospital, 255 Lafayette Ave, Suffern, NY 10901, Bon Secours Community Hospital, 160 Main St. Port Jervis, NY 12771, ak St. Anthony Community Hospital, 15 Maple Ave., Warwick NY, 10990 (kolektivman, "BSCHS") pou bay Èd Finansye an konfòmite ak lwa ak règleman Eta New York yo. Direktè Sistèm Kontabilite Jeneral Pasyan an (General Patient Accounting) pral gen dènye otorite pou detèmine si gen efò rezonab ki te fèt pou konnen si yon pasyan kalifye pou FAP e kidonk si gen nenpòt aksyon rekouvremant ki ka pran kont moun nan dapre Règleman Rekouvremant ak Bòdwo BSCHS la ki nan Anèks E a.

DEPATMAN RESPONSAB Sèvis Finansye pou Pasyan / Kontabilite Pasyan

PWOSEDI

A. San diskriminasyon

BSCHS dwe bay sèvis ki nesèsè medikalman yo bay tout manm yo nan kominote a, jan sa defini anba a, ki gen bezwen swen medikal kèlkeswa kapasite pasyan an pou peye pou sèvis sa yo. Detèminasyon Èd Finansye pasyèl oswa total la pral chita sou kapasite pasyan an pou peye e p ap gen restriksyon poutèt kesyon laj, sèks, ras, kwayans, andikap, oryantasyon seksyèl, sityasyon imigrasyon oswa kote li soti.

- Bon Secours Community Hospital, ki twouve li nan Port Jervis, New York, gen yon zòn sèvis swen primè ki gen ladann Port Jervis, ak zòn ki antouwe li yo nan Orange ak Sullivan Counties nan New York, Pike County nan Pennsylvania ak Sussex County nan New Jersey.
- Good Samaritan Hospital, ki twouve li nan Suffern, New York, gen yon zòn sèvis primè ki gen ladann Rockland ak Orange Counties nan New York, ak Northern Bergen County nan New Jersey.
- St. Anthony Community Hospital, ki twouve li nan Warwick, New York, gen yon zòn sèvis primè ki gen ladann Warwick, ak zòn ki antouwe li yo nan Orange County, New York ak Sussex ak Passaic Counties nan New Jersey.

B. Konfidansyalite

Bezwen pou Èd Finansye yo ka yon pwoblèm pèsonèl ki sansib e pwofon pou benefisyè yo. Konfidansyalite enfòmasyon yo ak prezèvasyon diyite pèsonèl moun nan dwe rete konsève pou tout moun k ap chèche sèvis byenfezans yo. Se valè sa yo ki pral gide oryantasyon ak seleksyon ekip la ki pral aplike règleman ak pwosedi sa a. Pa gen okenn enfòmasyon nou resevwa nan aplikasyon Èd Finansye pasyan an ki pral pibliye amwenske pasyan an bay pèmasyon klè li, alekri, pou piblikasyon sa a.

C. Kalifikasyon pou Èd Finansye

- Tout pasyan ki rete nan Eta New York yo ak/oswa ki rete nan yon kominote BSCHS, jan sa defini anwo a, ak nan Anèks A a, yo kalifye pou jwenn Èd Finansye pou kondisyon medikal ijan. Èd Finansye yo disponib tou pou sèvis ki nesèsè medikalman pou pasyan yo ki rete nan zòn sèvis primè a pou yon kondisyon medikal ki pa ijan. Sepandan, BSCHS ka etann règleman Èd Finansye li a bay lòt yo selon jan sa ka apwouve sou yon baz ka pa ka. Règleman sa pa pral disponib pou pasyan ki ap resevwa sèvis ki pa nesèsè medikalman, tankou chiriji plastik oswa entèvansyon pou pasyan ki enskri avèk konpayi asirans ki pa fè kontra ak BSCHS.
- Detèminasyon kalifikasyon pou Èd Finansye a pral fèt lè nou resevwa nan men pasyan an oswa reprezantan ki otorize a yon aplikasyon ki ranpli. An jeneral, yon pasyan gendwa kalifye pou kèk fòm èd finansye si nivo revni li pi ba pase 500% nivo federal povrete a e si li suiv pwosedi yo ki dekri nan règleman sa a pou li mande èd.
- Lopital la pral konsidere nivo revni yo lè l ap detèmine kalifikasyon pou Èd Finansye a. Nou pa pral konsidere kay prensipal, byen ki detni nan investisman ki gen taks ki ranvwaye oswa lòt kont depay pou retrèt ki parèy, kont depay pou kolèj oswa machin pasyan yo oswa fanmi pwòch itilize regilyèman.
 - BSCHS pral pran yon desizyon sou kalifikasyon pou Èd Finansye dapre nivo revni ki te endike pandan pwosesis aplikasyon an. Kalifikasyon pou pwogram Èd Finansye a chita sèlman sou revni masyèl oswa anyèl pasyan an an rapò ak direktiv federal la sou povrete (<https://www.healthcare.gov/glossary/federal-poverty-level-FPL/>).
- Rabè pou Èd Finansye yo pral aplike dapre direktiv ki dekri nan tablo D anba a. Direktiv povrete a nan tablo sa a (ajoute lyen) aplikab pou tout sèvis yo.
- Montan maksimòm yon pasyan pral responsab pou li nan kad règleman sa a pa pral depase pousantaj ki etabli nan Medicare FFS pou sant la, an akò ak atik 501(r) Kòd sou Revni Entèn nan.
- Règleman sou Èd Finansye sa a aplikab sèlman pou twa lopital BSCHS yo ki derki anwo a. Nenpòt lòt doktè, founisè oswa gwoup founisè ki gen kontra, jan sa dekri anba a, sa gen ladann doktè yo nan sal dijans la ak Bon Secours Medical Group, yo pa kouvri nan kad règleman sa a. Ou ka rele founisè w la dirèkteman si w gen nenpòt kesyon konsènan règleman yo a.
- Gwoup founisè ki gen kontra ak BSCHS:
 - Access Physical therapy & Wellness
16 Maybrook Ave.
Campbell Hall, NY 10916
1500 sof pou terapi fizik pou pasyan ekstèn ki ap ka abòde nan nimewo 845-987-5150.
 - Caponigro, David DDS
84 Route 59, Suffern, NY 10901
(845) 357-2070
 - Children's and Women's Physicians of Westchester, LLP
40 Sunshine Cottage Road, Skyline Suite 1N-C26 Valhalla, NY 10595
Demann sou bòdwo: 866-685-0474 | Nimewo prensipal 914-594-2100
 - Crystal Run Healthcare, LLP
155 Crystal Run Rd, Middletown, NY 10941
(845) 703-6999
 - Dentserv Dental Services, PC
15 Canal Rd, Pelham, NY 10803
(914) 738-1144
 - Hackensack University Medical Center
30 Prospect Ave, Hackensack, NJ 07601
(551) 996-2000

Hakim, James, M.D.
571 Central Ave # 112, New Providence, NJ 07974
(908) 464-7300

Hendi, Justin A., DMD
84 Route 59, Suffern, NY 10901
(845) 357-2070

Histopathology Services, L.L.C./_Orange Pathology Associates, P.C
535 East Crescent Avenue, Ramsey, NJ 07446
Telefòn: (845)369-4200, Opsyon 5

Horizon Medical Corporation
Adrès bòdwo:
3 West Olive St. Suite 201
Scranton, PA 18508
Telefòn (570) 969-0663 Faks (570) 969-9697

Hospital Attending Physicians, PLLC
34 Greenwich Avenue, Central Valley, NY 10917
(845) 238-3466

Hudson Valley Neurosurgical Associates, LLC
222 Route 59, Suffern, NY 10901
(845) 368-0286

MedExcel/Tri-State Emergency Physicians
Biwo: 75 Crystal Run Rd, Middletown, NY 10941
(845) 703-2273
Konpayi bòdwo: Medicom Management Services
484 Temple Hill Road Suite 104
New Windsor, NY 10901
(845) 565-3700 oswa 800-571-7440

Orange Pathology Associates
156 Route 59, Suite B4
Suffern, NY 10901-5005
(845)-369-4200 Opsyon 5

Pavone, Anthony G., DDS, MD
84 Route 59, Suffern, NY 10901
(845) 357-2070
Port Jervis Behavioral Medicine, PLLC
206 New Ball St, Port Jervis, NY 12771
(845) 858-5401

Ramapo Anesthesiologists / Clarkin Richard, M.D.
133 Lafayette Ave, Suffern, NY 10901
(845) 357-5770

Ramapo Radiology Associates, P.C./Orange Radiology
11 N Airmont Rd, Suffern, NY 10901
(845) 357-7245

Rockland Pulmonary and Medical Associates, P.C. (Sleep Lab Services)
2 Crosfield Ave # 318, West Nyack, NY 10994
(845) 353-5600

Steigman, Edmund J. DMD
84 New York 59, Suffern, NY 10901
(845) 357-2070

Tri-State Surgical Associates, PLLC/Tristate Bariatrics
384 Crystal Run Rd,
Middletown, NY 10941-4013
(845) 692-8780

Virtual Radiologic/ New York Radiology Alliance
 PO Box 4246
 Carol Stream, IL 60197
 (866) 282-3827

Warwick Anesthesia and Pain Management, P.C.
 15 Maple Ave Warwick, NY 10990-1028
 (845) 986-2224

D. Tablo nivo Èd Finansye/Charity Care an fonksyon revni yo

Nivo Charity Care	Revni fanmi an kòm % nivo federal povrete a	Rabè pou pasyan ekstèn sou frè ki faktire yo	Rabè pou pasyan entèn sou frè ki faktire yo
Nivo I gratis	<=250 %	100%	100%
Nivo II ak rabè	251% - 350%	50%*	50%*
Nivo III ak rabè	351% - 500%	30%*	30%*
Nivo IV ekspozisyon limite	Revni fanmi miltipliye pa 20% pou detèmine depans maksimòm ak kòb pòch pou peye Yon fwa li atenn, kidonk ap gen 60% rabè	60%*	60%*

* Men pa pou depase pousantaj Medicare FFS pou sèvis yo bay yo, an akò ak atik 501(r) Kòd Revni Entèn nan.
 (Sa se AGB a, montan ki faktire an jeneral bay moun ki gen asirans ki kouvri swen an.)

E. Pwosesis aplikasyon

- Pasyan yo pral ranpli yon aplikasyon ki disponib nan tout twa sit lopital yo oswa sou entènèt nan;
<http://bschs.bonsecours.com/gsh/billing-insurance-and-financial-assistance.aspx>
<http://bschs.bonsecours.com/bsch/billing-insurance-and-financial-assistance.aspx>
<http://bschs.bonsecours.com/sach/billing-insurance-and-financial-assistance.aspx> pou aplike pou Èd Finansye nan BSCHS. Pasyan ki pa gen asirans yo gendwa kalifye pou jwenn Èd Finansye dapre revni masyèl ak anyèl yo ak gwo sè fanmi yo. Pasyan ki gen asirans yo gendwa kalifye tou pou jwenn Èd Finansye pou dediktib ak ko-asirans yo a, si sèvis yo nesèsè medikalman. Règleman Èd Finansye yo pa pral aplikab a pòsyon bòdwo asirans la kouvri yo, sof pou montan ko-asirans ak dediktib ki aplikab yo.
- Gen antite, ki pa pasyan an, ki ka pwopoze demann pou jwenn Èd Finansye, tankou doktè pasyan an, manm fanmi an, gwoup kominotè oswa relijye yo, òganizasyon sèvis sosyal yo oswa pèsonèl lopital la. Yo dwe enfòmè pasyan an de demann sa a. Kalite demann sa dwe trete tankou nenpòt lòt e sijè a direktiv sou kalifikasyon pou Èd Finansye a.
- Lopital la dwe voye bay nenpòt moun ki mande enfòmasyon sou pwogram Èd Finansye BSCHS la yon aplikasyon ak yon rezime nan langaj senp (disponib tou nan adrès entènèt anwo a konsènan pwogram nan.)
- Si lopital la gen yon baz rezonab pou kwè ke yon pasyan gendwa kalifye pou Medicaid oswa lòt pwogram asirans ki gen esponsò piblik, lopital la pral gen dwa pou mande pasyan an pou kopere nan aplike pou asirans sa kòm yon kondisyon pou jwenn Èd Finansye. BSCHS pral dokimante sou yon baz rezonab, bòn fwa pou kwè ke pasyan an gendwa kalifye pou asirans Medicaid e pral dokimante rezon an nan dosye pasyan an.
- Reprezantan Èd Finansye BSCHS yo ki nan zòn enskripsyon yo nan chak lopital (adrès yo nan paj 1 an) pral bay tout pasyan yo èd pou aplike. Nou pral bay sèvis ekri ak/oswa tradiksyon, lè sa nesèsè, bay tout pasyan yo.
- BSCHS pral fèt tout tantativ posib pou bay pasyan an yon aplikasyon pou Èd Finansye nan oswa anvan lè sèvis yo bay la. Pasyan an pral gen katrevendis (90) jou apati dat egzeyat la oswa dat sèvis la pou soumèt aplikasyon ranpli a epi ven (20) jou anplis pou soumèt tout dokiman ki nesèsè yo. BSCHS ka pwolonje delè

sa yo pou ranpli yon aplikasyon pou Èd Finansye selon sikonstans ki jistifye jan sa gendwa apwouve sou yon baz ka pa ka.

- Si verifikasyon enfòmasyon finansye yo nesèsè, lopital la pral mande pasyan an enfòmasyon sa yo. Pasyan yo dwe itilize yon seri enfòmasyon pou pwouve sikonstans finansye yo tankou fich peman, fòm W-2 yo ak deklarasyon chomaj oswa andikap. Si bagay sa yo pa disponib, nou ap aksepte yon lèt sipò nan men moun ki pran swen debaz pasyan an. BSCHS ka itilize yon sèvis rapò finansye tyès pati (tankou Search America) pou verifiye enfòmasyon yo bay yo.
- Si yo mande pasyan an yon depo anvan li jwenn swen ki pa ijan men ki nesèsè medikalman, depo sa pral fè pati nenpòt konsiderasyon èd finansye.

F. Pwosesis apwobasyon

- Pasyan an dwe enfòm alekri nan entèval dis (10) jou apre li resevwa aplikasyon Èd Finansye a ak nenpòt materyèl sipò si pasyan an kalifye pou pwogram Èd Finansye a. Pasyan an dwe resevwa avi (Anèks B) ki di kalifikasyon pou Èd Finansye a pral anvigè pou yon peryòd yon ane, sof si ta gen nenpòt chanjman nan kondisyon finansye pasyan ak fanmi an.
- Si pasyan an te aplike e te jwenn apwobasyon pou Èd Finansye pandan douz (12) dènye mwa yo epi sikonstans finansye pasyan an pa te chanje, pasyan an dwe jije kalifye pou Èd Finansye san li pa gen pou soumèt yon nouvo aplikasyon pou Èd Finansye.

G. Èd finansye pwobab

- BSCHS reyalize kèk moun ka pa mande ouvètmàn Èd Finansye, menm si li ta klèman kalifye nan règleman charity a. Pandan kont pou pasyan sa yo pral suiv pwosesis rekouvremàn nòmal la, Sant Medikal la ka poze aksyon annapre yo:
 - i. Sant Medikal la ka fè plis revizyon sou kont yo ki te soti nan yon ajans rekouvremàn ki konsidere kòm move dèt ki pa ka rekouvre nan itilize sèvis validasyon done demografik ak finansye ekstèn ki bay atravè yon sèvis tyès pati (tankou Search America) ki rekonèt nasyonalman. Sèvis sa yo se Sant Medikal la ki pral bay yo ak, nan yon minimòm, pousantaj endividyèl ki estime pou nivo federal povrete a ak gwo sè fanmi an (nan dosye finansye piblik yo ak sous done demografik yo).
 - ii. Sant Medikal la pral itilize done Èd Finansye evantyèl sa yo pou detèmine ki kont ki gendwa re-klase nan move dèt pou Èd Finansye, an akò ak kondisyon règleman sa ak limit FPL yo ki dekri nan paragaf sèt (7) anwo a.
 - iii. Dokiman ki ale jwenn tyès pati a pou kòmanse ankèt enfòmasyon ak finansye yo, epitou tout rezilta yo ki tounen soti nan sèvis tyès pati a, pral rete nan fichye Kontabilite Èd Finansye pasyan an.

H. Pwosesis refi ak kontestasyon

- Si nou jwenn ke pasyan an pa kalifye pou pwogram Èd Finansye a, nou pral enfòm pasyan an alekri nan dis (10) jou louvrab apati refi a. Nou ap bay tout rezon refi a nan korespondans la.
- Nan korespondans refi a pral gen enfòmasyon konsènan kijan pou konteste desizyon pou pa ba w Èd Finansye a.
- Chak pasyan ki jwenn refi pou Èd Finansye ka voye petisyon bay lopital la, alekri, nan entèval trant (30) jou pou jwenn rekonsiderasyon sou baz sikonstans ki jistifye yo.
- Kontestasyon Èd Finansye yo pral prezante bay yon Komite espesyal sou Relasyon ak Pasyan ki pral gen, men pa limite ak, moun anba yo:

Vis Prezidan avèk responsabilite administratif pou Kontabilite Jeneral Pasyan
Direktè, Kontabilite Jeneral Pasyan
Direktè Relasyon ak Pasyan/Pledwaye
- Tout kontestasyon yo pral evalye sou yon baz ka pa ka nan pran an konsiderasyon anpil faktè san parèy ki gen enpak sou kapasite yon pasyan pou peye. BSCHS ka, nan jijman li, pwolonje èd finansye a odela de sa ki egzije nan règleman an.
- Pasyan yo pral enfòm de detèminasyon oswa estati kontestasyon an nan entèval trant (30) jou apati dat resepsyon kontestasyon an nan men pasyan an.

I. Kominikasyon

- Nan efò pou enfòmasyon pasyan yo sou pwogram Èd Finansye a, rezime an langaj senp (Anèks C) ki dekri pwogram Èd Finansye a, pwosesis aplikasyon an ak nimewo telefòn kontak yo pou enfòmasyon anplis yo dwe bay tout pasyan yo pandan pwosesis enskripsyon an e disponib nan tout biwo enskripsyon pasyan ak nan zòn datant yo. Anplis, afich (Anèks D). Fè konnen ke pwogram Èd Finansye a pral disponib nan tout zòn enskripsyon pou pasyan yo.
- BSCHS pral bay yon avi pou pwogram Èd Finansye lopital la an angle, espayòl, yidich oswa kreyòl pandan pwosesis pre-admisyon, admisyon ak egzayat la.
- Tout anlwaye lopital yo nan kontabilite, bòdwo, enskripsyon ak zòn dijans pou pasyan yo pral resevwa fòmasyon konplè sou règleman Èd Finansye lopital la, jwenn aksè ak fòmilè aplikasyon yo e kapab oryante kesyon yo bay reprezantan lopital apwopriye a.
- Tout ekip ki gen kontak pasyan ak piblik yo pral resevwa fòmasyon konsènan disponibilite yon pwogram Èd Finansye nan BSCHS ak sou kijan pou oryante pasyan yo bay reprezantan apwopriye yo pou jwenn èd ak plis enfòmasyon.
- BSCHS pral deziyen moun yo ki nan Biwo Èd Finansye a kòm espesyalis nan pwosesis Èd Finansye a. Moun sa yo pral bay ak/oswa kowòdone dispozisyon èd ki dekri nan règleman sa e pral sipèvize tout aspè pwosesis aplikasyon Èd Finansye a.
- Yon deklarasyon konsènan disponibilite pwogram èd finansye yo, sa gen ladann Èd Finansye, pral gen ladann tout bòdwo ak tout enfòmasyon BSCHS voye pa lapòs bay pasyan yo. Ladann pral gen enfòmasyon sou fason pou kontakte BSCHS pou plis enfòmasyon oswa pou aplike pou pwogram nan.

J. Konsève dosye

- Tout aplikasyon Èd Finansye yo ap rete nan dosye yo pou senk (5) ane. Yon kopi aplikasyon Èd Finansye pasyan an ak tout korespondans avèk pasyan an konsènan apwobasyon, refi ak kontestasyon an ap konsève nan dosye pasyan an.
- Èd Finansye a dwe anrejistre nan sèvi avèk metòd pasasyon dirèk la epi li dwe respekte tout règleman kontablite Enstiti Ameriken pou Kontablite Piblik Sètifye a (American Institute for Certified Public Accounting.). Kòd tranzaksyon yo ak kòd plan yo pral etabli nan sistèm bòdwo enfòmatisè BSCHS la pou suiv ak rapòte aktivite Èd Finansye yo kòm sadwa.

K. Rapò

- BSCHS pral bay yon kopi pwogram Èd Finansye lopital la e rapòte kantite lajan pou Èd Finansye ki bay sou fòm depans ak frè nan bilan finansye anyèl li yo. Lopital la dwe voye yon kopi pwogram Èd Finansye lopital la bay tout ajans lokal ak eta ki apwopriye yo.
- Direktè Aksè Pasyan/Kontablite Jeneral Pasyan pral fè odit pwosesis Èd Finansye a nan pran pou piti dis (10) aplikasyon Èd Finansye kòm echantiyon chak de lane. Yon revizyon konplè dokiman, korespondans ak pasyan an ak aktivite finansye nan kont yo pral revize. Yon ankèt apwopriye ak yon fòmasyon suivi pral fèt nan ka gen nenpòt devyasyon nan règleman sa ke yo dekouvri.

REFERANS – Règleman sou Bòdwo ak Rekouvreman (Anèks E)**APWOBASYON –**

 Direktè sistèm – Kontabilite Jeneral Pasyan
 Bon Secours Charity Health System
 Manm Westchester Medical Center Health Network

 Dat

 Vis Prezidan Sik Revni
 Bon Secours Charity Health System
 Westchester Medical Center Health Network

 Dat

 Vis Prezidan Egzekitif, Planifikasyon Finansye ak Swen ki Jere
 Westchester Medical Center
 Westchester Medical Center Health Network

 Dat

ISTORIK RÈGLEMAN AN

Règleman Orijinal Bon Secours Community Hospital
Règleman Orijinal Good Samaritan Hospital
Règleman Orijinal St. Anthony's Community Hospital

DAT APWOBASYON:

01/16 - D	10/17 C	
05/16 - R	11/17 R	
02/16 - R	01/21 R	
03/17 - C		

MM/YY. D pou devlope (prepare), C pou chanje, R pou revize

ANÈKS A DEFINISYON

1. Zòn Sèvis Primè BSCHS yo se konsa:
 - 1.1. Bon Secours Community Hospital, ki twouve li nan Port Jervis, New York, gen yon zòn sèvis swen primè ki gen ladann Port Jervis, ak zòn ki antouwe li yo nan Orange ak Sullivan Counties nan New York, Pike County nan Pennsylvania ak Sussex County nan New Jersey.
 - 1.2. Good Samaritan Hospital, ki twouve li nan Suffern, New York, gen yon zòn sèvis primè ki gen ladann Rockland ak Orange Counties nan New York, ak Northern Bergen County nan New Jersey.
 - 1.3. St. Anthony Community Hospital, ki twouve li nan Warwick, New York, gen yon zòn sèvis primè ki gen ladann Warwick, ak zòn ki antouwe li yo nan Orange County, New York ak Sussex ak Passaic Counties nan New Jersey.
2. "Èd Finansye" vle di sèvis dyagnostik ak tretman ki nesèsè medikalman pou pasyan entèn ak ekstèn pou pasyan ki pa gen asirans oswa ki gen asirans pasyèl yo ki pa gen mwayen pou peye swen yo dapre direktiv lopital la etabli. Tretman sa yo se BSCHS ki bay yo pandan li atann ke li posib pou pa resevwa tout peman yo. Èd Finansye a pa dwe gen ladann move dèt oswa alokasyon kontraktiyèl/ensifizans kote gouvènman oswa lòt pwogram yo.
3. "Pasyan ki pa gen asirans" sa vle di yon pasyan ki manke asirans medikal oswa yon pasyan ki fin itilize tout asirans medikal li.
4. "Pasyan ki gen asirans pasyèl" sa vle di yon pasyan ki gen kèk fòm asirans sante men gen yon gwo pati pou peye li menm pandan li pa gen mwayen pou peye.
5. "Ko-peman ak dediktib" sa vle di kantite lajan ak kòb pòch pou pasyan an peye li menm dapre kondisyon asirans pasyan oswa gouvènman ki esponsòrizè règleman asirans medikal la.
6. "Move dèt" defini kòm depans ki vini de tretman pou sèvis yo bay yon pasyan ak/oswa garan li a, ki gen resous finansye yo mande pou peye sèvis swen sante yo, ki te demontre nan aksyon li yo yon move volonte pou respekte aranjman kontra a pou peye yon bòdwo.
7. "Sèvis ki nesèsè medikalman" vle di sèvis swen sante pou rezon evalyasyon, dyagnostik oswa tretman yon maladi, blesi oswa maladi an akò ak Estanda Pratik Medikal ki Aksepte an Jeneral yo.
8. "Kondisyon medikal ijan" atik 1867(a) Sekirite Sosyal la ki defini li, ke nou konnen tou kòm Lwa Travay Aktif ak Tretman Medikal Dijans (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, "EMTALA"). EMTALA defini yon kondisyon medikal ijan kòm yon kondisyon medikal ki manifeste tèt li atravè sentòm ase grav kote pa jwenn swen medikal imedyat ka lojikman lakòz: (i) mete sante moun nan an danje grav; (ii) deteryorasyon grav fonksyon yo nan kò a; oswa (liii) move fonksyonman grav nenpòt pati nan ògàn kò a. EMTALA defini tou yon kondisyon medikal ijan pou ajoute fanm ansent ki gen kontraksyon.
9. "Sèvis opsyonèl" vle di tout lòt sèvis ki pa defini kòm yon kondisyon medikal ijan.

ANÈKS B
LÈT KALIFIKASYON POU ÈD FINANSYE



BON SECOURS CHARITY HEALTH SYSTEM

A member of the
Westchester Medical Center Health Network
P.O. Box 742431 Atlanta GA 30374-2431

John Doe
101 Any Street
Anytown, PA 99999-999

05/10/2017

Chè John Doe,

Mèsi pou konfyans ou fè nou, Bon Secours Health Systems, Inc. (BSHSI), ak bezwen swen sante ou yo, jan nou bay Bon Èd ak Sa ki nan Bezwen yo ("Good Help to Those in Need"®).

Ou te jwenn apwobasyon pou patisipe nan pwogram Èd Finansye BSHSI a. Si w pa gen asirans oswa vin pa gen asirans pandan peryòd apwobasyon ou a, ou pral gen obligasyon pou kopere ak kolaboratè kalifikasyon nou an nan chak vizit. Kolaboratè kalifikasyon an ki travay nan non BSHSI pral ede ak aplikasyon ou a pou yon plan sante ke gouvènman an finanse. Si w pa kalifye pou yon plan sante gouvènman an finanse oswa pou lòt pwodui asirans, pwogram èd finansye a pral pèmèt ou gen aksè a sèvis swen sante yo nan pifò etablisman Bon Secours yo. Tanpri kontakte doktè w la pou konnen patisipasyon yo nan pwogram èd finansye a. Èd finansye w la valab pou 12 mwa, depi w kontinye kopere ak kolaboratè kalifikasyon nou an.


Tanpri konprann ke pwogram èd finansye a pa aplikab a sèvis tretman ki te bay pou rezon aksidan, entèvansyon opsyonèl ki pa nesèsè medikalman tankou entèvansyon pou chiriji plastik ak pri fiks, ekipman medikal dirab, swen lakay, medikaman sou òdonans ak pasyan ki gen asirans ki chwazi pa itilize asirans yo a. Pwogram èd finansye BSHSI a se pa yon asirans.

Si w bezwen èd, tanpri ale wè yon konseye finansye nan lopital Bon Secours w la oswa rele Depatman Sèvis Kliyan nou an.

Lokal (844) 419-2701
Lendi – Vandredi 7:00 AM rive 5:00 PM

Nou angaje nou pou ede moun ak kominote yo atenn sante kòm yon pati nan ministè gerizon Bon Secours Health System Inc.

Sensèman,
Bon Secours
Pwogram Èd Finansye

 Kat Swen Sante	
Manm:	JOHN DOE
Kòd sant ki bay li a: Bon Secours Charity Health System	
# Règleman:	
Dat anvigè:	

SISTEM SANTE BON SECOURS CHARITY
SWEN CHARITE/REZIME LANGAJ SENP ENFOMASYON SOU POLITIK ÈD FINANSYE CHARITY

Misyon SISTEM SANTE BON SECOURS CHARITY (BSCHS) se bay sèvis sante ak konpasyon, epi bon jan kalite pou sila yo ki nan bezwen, kèlkeswa kapasite yo pou yo peye. Si w pa genyen asirans sante, nou kapab ede w. Ou gendwa kalifye nan yon pwogram ke gouvènman an finanse oswa nan Pwogram Asistans Finansye Bon Secours Charity. Anplwaye nou yo ak/oswa reprezantan nou yo disponib pou ede w nan pwosesis aplikasyon nan youn ou lòt nan pwogram sa yo.

Sistèm Sante Bon Secours Charity a genyen lopital nan twa zòn:

- Bon Secours Community Hospital, 160 East Main St., Port Jervis, NY 12771
- Good Samaritan Hospital, 255 Lafayette Ave. (Route 59) Suffern, NY 10901
- St. Anthony Community Hospital, 15 Maple Avenue, Warwick, NY 10990

Ed finansye disponib pou pasyan ki genyen salè limite epi ki pa genyen asirans sante. Menm lè prensipal zòn sèvis Sistèm Sante Bon Secours Charity se sa ki defini anvan la a epi tout moun nan Eta New York ki gen bezwen sèvis medikal nesèsè ka resevwa swen epi jwenn yon diskont si yo genyen kèk limit nan salè yo. Kantite diskont lan varye sou baz salè w ak kantite moun ki nan fanmi w. Ou pa bezwen pè aplike – ou gendwa kalifye menm lè w ap travay oswa posede yon kay oswa yon machin. Ou gendwa aplike pou diskont tou kèlkeswa kondisyon w ak imigrasyon. Swen diskont oswa gratis kòmanse apati 500% reglemantasyon federal lamizè a.

Kantite Moun ki nan Fanmi an	48 Contiguous US Eta yo ak D.C.	Nivo I <= 250% Nivo Lamizè Federal (Federal Poverty Level, FPL) (FPL) 100% Diskont	Nivo II Ant 251% - 350% FPL Pi Ba 50% Diskont Total la Frè oswa Tarif FFS Medicare la*		Nivo III Ant 351% - 500% FPL Pi Ba 30% Diskont Total la Frè oswa Tarif FFS Medicare la*		Nivo IV OOP > 20% Salè 60% Diskont
		250%	251%	350%	351%	500%	>500%
	Nivo Salè						
1	\$12,880	\$32,200	\$32,201	\$45,080	\$45,081	\$64,400	Salè Fanmi miltipliye pa 20% pou detèmine maksimòm depans ki sot nan pòch ki dwe angaje. Yon Fwa li atenn, alò nivo pi ba 60% diskont total la oswa Tarif FFS Medicare la*
2	\$17,420	\$43,550	\$43,551	\$60,970	\$60,971	\$87,100	
3	\$21,960	\$54,900	\$54,901	\$76,860	\$76,861	\$109,800	
4	\$26,500	\$66,250	\$66,251	\$92,750	\$92,751	\$132,500	
5	\$31,040	\$77,600	\$77,601	\$108,640	\$108,641	\$155,200	
6	\$35,580	\$88,950	\$88,951	\$124,530	\$124,531	\$177,900	
7	\$40,120	\$100,300	\$100,301	\$140,420	\$140,421	\$200,600	
8	\$44,660	\$111,650	\$111,651	\$156,310	\$156,311	\$223,300	
Chak Adisyonèl	\$4,540	\$11,350	\$11,351	\$15,890	\$15,891	\$22,700	

* Tarif FFS Medicare pou sèvis yo ofri a se AGB (montan ke yo chaje anjeneral endividi ki genyen kouvèti asirans pou swen an) dapre Seksyon 501(r) Kòd Entèn Salè (Internal Revenue Code)

Tou sèvis lopital ki nesèsè sou plan medikal, tankou swen prevansyon, kouvri nan pwogram èd finansye a. Sa genyen ladann sèvis pou pasyan ki pa nan lopital la, swen pou pasyan ki entènè, ak sèvis ijans.

Reglemantasyon Ed Finansye sa a aplike sèlman nan twa Lopital BSCHS ke nou te site anvan yo. Nenpòt lòt medsen, founisè oswa Gwoup founisè, tankou medsen sal ijans oswa Gwoup Medikal Bon Secours pa kouvri nan reglemantasyon sa a. Ou gendwa rele founisè w la dirèkteman si w genyen nenpòt kesyon sou reglemantasyon yo.

Kijan mwen kapab resevwa enfòmasyon gratis sou Ed Finance / Pwogram Swen Charity a? Kisa mwen bezwen pou aplike nan pwogram nan?

N ap ede w ranpli yon aplikasyon fasil epi fè w konnen kèk dokiman ki ka nesèsè (foto idantifikasyon, souch chèk, elatriye.). Si oumenm, manb fanmi w, oswa zanmi w yo pa pale Anglè, gen yon moun k ap asiste w nan pwòp lang ou. Dokiman sa a, Regleman Ed Finansye ak Aplikasyon pou Ed Finansye a disponib an Yidich, Panyòl ak Kreyòl.

Reprezantan Finansye a ka di w tou si w kalifye pou asirans sante gratis oswa ti pri tankou Medicaid, Child Health Plus ak Family Health

Plus. Si Reprezantan Finansye a twouve ke w pa kalifye pou asirans gratis oswa ti pri, li pral ede w aplike pou yon diskont nan Charity. Kopi gratis Reglemantasyon Ed Finansye ak Aplikasyon Ed Finansye ak enfòmasyon sou kalifikasyon yon pasyan pou Swen Charity/ Ed Finansye ansanm ak èd nan pwosesis aplikasyon an disponib nan Depatman Ijans lopital yo ak zòn enskripsyon/admisyon lopital yo nan adrès lopital ki site **anvan yo**. Gen enfòmasyon ki disponib sou sitwèb lopital yo nan

- [HTTP://BSCHS.BONSECOURS.COM/BSCH/BILLING-INSURANCE-AND-FINANCIAL-ASSISTANCE.ASPX](http://BSCHS.BONSECOURS.COM/BSCH/BILLING-INSURANCE-AND-FINANCIAL-ASSISTANCE.ASPX)
- [HTTP://BSCHS.BONSECOURS.COM/SACH/BILLING-INSURANCE-AND-FINANCIAL-ASSISTANCE.ASPX](http://BSCHS.BONSECOURS.COM/SACH/BILLING-INSURANCE-AND-FINANCIAL-ASSISTANCE.ASPX)
- [HTTP://WWW.GOODSAMHOSP.ORG/GSH/BILLING-INSURANCE-AND-FINANCIAL-ASSISTANCE.ASPX](http://WWW.GOODSAMHOSP.ORG/GSH/BILLING-INSURANCE-AND-FINANCIAL-ASSISTANCE.ASPX)

Ou gendwa kontakte tou reprezantan ki genyen bon jan konesans sou pwogram Swen Charity/Ed Finansye a epi resevwa yon kopi gratis Reglemantasyon Ed Finansye nou ak Aplikasyon Ed Finansye nou an, pou sa rele oswa ekri Pwogram Ed Finansye Bon Secours Charity nan nimewo telefòn oswa adrès ki annapre a:

KANDIDA YO TA DWE SOUMÈT TOUT DOKIMAN OBLIGATWA YO NAN MENM KOURYE LAPOS LA NAN:

Bon Secours Charity Financial Assistance Program
 400 Rella Blvd.
 Suite 308
 Montebello, NY 10901
 Customer Service Center: Toll free (844) 419-2701

Sak pase si mwen gen yon pwoblèm mwen pa ka rezoud ak lopital la?

Ou gendwa rele Depatman Sante Eta New York nan 1-800-804-5447. Kalifikasyon pou Swen Charity/Ed Finansye pral detèmine lè w fin ranpli aplikasyon Swen Charity/Ed Finansye a.

ANÈKS D
AFICH

**Need help
paying your
hospital
bill?**

Our staff is available to assist you in applying for all government-sponsored programs and the Bon Secours Financial Assistance Program.

Contact our Financial Counseling office at
844-419-2701

BON SECOURS CHARITY HEALTH SYSTEM
Bon Secours Health System

The poster features a background image of a person's hands holding a document. The text is arranged in a vertical stack, with the main question in large, bold letters. The contact information and logo are at the bottom.

**¿Necesita ayuda
pagando su
cuenta del
hospital?**

Nuestro personal está disponible para ayudarte a usted con solicitudes de todos los programas financiados por el gobierno y el Programa de ayuda financiera de Bon Secours (Bon Secours Financial Assistance Program).

Comuníquese con nuestra oficina de concejos para ayuda financiera. Teléfono: **844-419-2701**

BON SECOURS CHARITY HEALTH SYSTEM
Bon Secours Health System

The poster features a background image of a person's hands holding a document. The text is arranged in a vertical stack, with the main question in large, bold letters. The contact information and logo are at the bottom.

ANÈKS E RÈGLEMAN SOU BÒDWO AK REKOUVREMAN



BON SECOURS CHARITY HEALTH SYSTEM

A member of the
Westchester Medical Center Health Network

Règleman/Pwosedè

Tit: Bòdwo ak Rekouvremant	Dat Anvigè: Janvyè 2017
Depatman: Sik revni	# Règleman:
	Paj 1 sou 6

OBJEKTIF

Objektif règleman sa se pou bay enfòmasyon konsènan pratik sou bòdwo ak rekouvremant pou sant lopital swen avanse Bon Secours Charity Health System, Inc., (BSCHS).

PÒTE

Règleman sa aplike pou tout sant swen avanse BSCHS yo. Nenpòt ajans rekouvremant ki travay nan non BSCHS pral respekte ak sipòte pratik rekouvremant BSCHS yo jan sa dekri anba a. Amwenske sa presize yon lòt fason, règleman sa pa aplikab a doktè oswa lòt founisè swen medikal, sa gen ladann men pa limite ak doktè sal dijans, anestezyolojis, radyolojis, doktè lopital ak patolojis.

DEFINISYON

Montan ki Faktire an Jeneral (AGB) – Frè yo faktire moun ki garan yo ki kalifye pou èd finansye. Montan ki faktire yo chita sou kantite ki otorize nan frè Medicare yo pou sèvis (FFS) pou ijans ak lòt swen ki nesèsè medikalman. Montan ki otorize yo gen ladann ni montan konpayi asirans la pral peye ak montan, si genyen, moun nan responsab pou peye pèsònèlman. AGB a kalkile nan itilize yon metòd Medicare pwospektif e egal ak montan Medicare FFS aktyèl la dapre 26 CFR §1.501(r).

Move dèt – Yon balans kont yon garan dwe ki anile kòm pa rekouvramb.

Ajans rekouvremant – Yon “Ajans rekouvremant” se nenpòt antite lopital la angaje pou chèche oswa kolekte lajan nan men garan yo.

Peryòd kalifikasyon – Peryòd tan yon garan jwenn èd finansye.

Ajans Rekouvremant Ekstra-òdinè (ECA) – Yon ECA se nenpòt nan sa anba a:

- Vann yon dèt endividyèl bay yon lòt pati, sijè a kèk eksepsyon
- Rapò defavorab bay ajans rapò kredi oswa biwo kredi yo

Ranvwaye, refize oswa egzije peman anvan yo bay swen ki nesèsè medikalman akòz non peman pou swen ki bay anvan

- Aksyon yo ki egzije yon pouwit legal, sa gen ladann men pa limite ak:
 - Mete poze sele
 - Sezi yon byen imobilye
 - Atache oswa sezi yon kont bankè oswa lòt pwopriyete pèsònèl
 - Kòmmanse yon aksyon sivil kont yon moun
 - Lakòz yon arestasyon endividyèl
 - Lakòz yon moun sijè a yon òdonans angajman pou outraj sivil
 - Kolekte lajan apati salè moun ki dwe a

Depoze yon plent nan yon pwosesis fayit se pa yon aksyon rekouvremant ekstra-òdinè.

Garan – Pasyan an, swayan oswa antite responsab pou peman bòdwo swen sante.

Pwogram èd finansye pou pasyan – Yon pwogram ki fèt pou redui balans garan an dwe. Nou bay pwogram sa a ak garan yo ki pa gen asirans ak ki gen asirans pasyèl ak kote peman an antye oswa pasyèl obligasyon finansye a ka lakòz difikilte finansye ki egzajere.

Responsabilite pasyan pou pasyan ki gen asirans yo – “Responsabilite pasyan” se kantite yon pasyan ki pa gen asirans responsab pou peye ak kòb pòch apre asirans tyès pati pasyan an te detèmine montan benefis pasyan an.

Responsabilite pasyan pou pasyan ki pa gen asirans yo – Montan yon pasyan responsab pou peye apre AGB lokal la te fin aplike.

Tyès pati k ap peye a – Yon òganizasyon ki pa pasyan an (premye pati a) oswa founisè swen sante (dezyèm pati a) ki enplike nan finansman sèvis sante pèsònèl yo.

Ki gen asirans pasyèl – Yon moun ki gen asirans men ki resevwa bòdwo pou chaj total yo pou sèvis ki pa kouvri yo dapre plan benefis yo a. Egzanp yo gen ladann men pa limite ak: Medikaman Medicare bay li menm, benefis maksimòm ki atenn, amannman pou matènite, etc.

Ki pa gen asirans – Pasyan yo ki pa gen asirans.

RÈGLEMAN

Se règleman BSCHS pou voye bòdwo bay garan yo ak tyès pati aplikab ki gen pou peye yo ak presizyon, alè e yon fason konstan avèk lwa ak règleman ki aplikab yo.

PWOSEDIBòdwo pou moun ki pa garan

1. Jwenn enfòmasyon sou asirans: BSCHS pral fè tout efò rezonab yo pou jwenn enfòmasyon nan men pasyan yo konsènan si yon asirans sante piblik oswa prive ka kouvri totalman oswa pasyèlman sèvis lopital la bay pasyan an.
2. Voye bòdwo bay tyès pati k ap peye yo: Lopital yo pral chèche ak dilijans tout montan tyès pati ki gen pou peye yo dwe, sa gen ladann men pa limite ak antite ki gen pou peye ki gen kontra oswa ki pa gen kontra, endemnité antite k ap peye yo, obligasyon ak konpayi asirans oto yo ak antite k ap peye pwogram gouvènman yo ka responsab finansyèman pou swen yon pasyan. BSCHS pral voye bòdwo bay tout tyès pati ki gen pou peye yo ki aplikab yo dapre enfòmasyon pasyan an oswa reprezantan yo a te bay e verifye nan yon tan konvnan.

Bòdwo bay garan an

Nou itilize yon bilan ak yon seri lèt pou enfòmasyon garan an sou balans yon kont. Chak bilan ak lèt gen enfòmasyon konsènan metòd peman yo, èd finansye ak yon nimewo kontak pou kesyon yo.

1. Bòdwo pou pasyan ki gen asirans yo: Lopital yo pral voye bòdwo byen rapid bay garan an ki gen montan Eksplikasyon Benefis (EOB) kalkile yo oswa jan tyès pati ki gen pou peye a òdone sa.
2. Bòdwo pou pasyan ki pa gen asirans yo: Lopital yo pral voye bòdwo byen rapid bay garan an pou montan ki dwe a.

Sik bòdwo

Sik bòdwo BSCHS la kòmanse nan dat premye bilan an e fini 120 jou apre dat sa a. Pandan sik bòdwo a, garan yo ka resevwa apèl, bilan ak lèt yo. Nou gendwa rele garan an pandan sik bòdwo a. Anba a gen yon kalandriye bilan ak lèt:

1. Nou voye yon deklarasyon bay garan an lè gen yon balans ke nou jwenn garan an dwe.
3. Nou voye yon lèt suivi nan 30 jou apre dat bilan ki enfòmasyon garan an ke dat pou li peye a pase
4. Nou voye yon dezyèm lèt nan 30 jou apre premye lèt ki enfòmasyon garan an ke kont li a delenkan
5. Nou voye yon twazyèm e yon dènye lèt nan 30 jou apre dezyèm lèt la ki enfòmasyon garan an ke kont yo a delenkan anpil e kont la ka transfere bay yon ajans rekouvremant
6. Nan 120yèm jou sik bòdwo a, kont garan an ap plase nan yon ajans rekouvremant

Chak bilan ak lèt ki te itilize nan sik bòdwo nou an gen enfòmasyon ki konsènan metòd peman, opsyon peman, sit entènèt pou èd finansye ak yon nimewo kontak pou sèvis kliyan.

Bilan detaye

Nou ka mande garan yo yon bilan detaye de kont yo a nenpòt kilè.

Kontestasyon

Nenpòt garan an ka konteste yon bagay oswa chaj nan bòdwo yo a. Garan yo ka lanse yon kontestasyon alekri oswa nan telefòn ak yon reprezantan sèvis kliyan. Si yon garan mande dokiman konsènan bòdwo yo, manm ekip la pral fèt tout efò rezonab pou bay garan an dokiman li mande yo nan entèval twa jou louvab.

Pratik rekouvremman yo

1. Pratik jeneral sou rekouvremman yo: Sijè a règleman sa a, BSCHS ka itilize efò rezonab pou rekouvremman pou jwenn peman nan men garan yo. Aktivite rekouvremman jeneral yo ka gen ladann voye bilan/lèt bay garan yo, apèl telefòn ak rekòmandasyon kont yo bay lòt kolaboratè biznis yo tankou men ki pa limite ak, anvan koleksyon, founisè antisipe ak pou move dèt.
2. Aksyon rekouvremman ekstra-òdinè: BSCHS ak ajans rekouvremman kolaboratè yo pran yon ECA sou fòm rapò biwo kredi men sèlman apre tout efò rezonab te fin fèt nan detèmine si yon pasyan kalifye pou FAP. Rapòte yon garan bay biwo kredi a pou montan ki dwe ki pa peye a pa pral fèt jiskaske 60 jou apre sik bòdwo a fini. Ajans rekouvremman kolaboratè a pral enfòme garan an 30 jou alavans rapò bay biwo kredi a.
3. Efò pou pa kolekte - Pandan pwosesis aplikasyon èd finansye a: BSCHS ak ajans rekouvremman kolaboratè a pa pral fè suivi pou kolekte lajan nan men yon garan ki te soumèt yon aplikasyon pou èd finansye. Si nou jwenn ke garan an kalifye pou jwenn èd finansye total e garan an te fè yon peman, BSCHS pral retounen nenpòt lajan li te resevwa nan men garan an ki plis pase \$5.00 pandan peryòd kalifikasyon garan an. Si garan an jwenn apwobasyon pou èd finansye pasyèl, BSCHS pral ranbouse nenpòt montan ki depase montan garan an responsab pou peye pèsònèlman. BSCHS pa pral ranbouse garan an okenn montan ki pi piti pase \$5.00.

1. Plan peman:

- a. Pasyan ki kalifye: BSCHS ak nenpòt ajans rekouvremman ki ap aji nan non BSCHS dwe bay garan yo yon opsyon pou antre nan yon akò plan peman. Akò plan peman an pèmèt garan an peye yon montan li dwe pandan yon peryòd presi.
- b. Kondisyon plan peman:
 - Tout plan peman yo dwe san enterè
 - Tout peman mansyèl yo pral chita sou montan ki antann nan
 - Balans nan kont la dwe peye nèt nan entèval tan ki antann nan
 - Delè peman yo se 15 nan chak mwa.

- c. Deklare plan peman delenkan: Yon plan peman ka deklare delenkan apre echèk garan an pou fè tout peman konsekitif yo. Si sa rive, garan an pral resevwa yon avi delenkan. N ap voye avi pa lapòs nan dènye adrès nou konnen pou garan an. Apre yon plan peman fin deklare delenkan, BSCHS oswa ajans rekouvremman an ka kòmanse aktivite rekouvremman yo nan yon fason ki koresponn ak règleman sa a.
2. Ajans rekouvremman: BSCHS ka refere kont garan an bay yon ajans rekouvremman, ki sijè ak kondisyon anba yo:
 - a. Ajans rekouvremman an dwe gen yon akò alekri avèk BSCHS.
 - b. Akò alekri BSCHS la avèk ajans rekouvremman an dwe fè konnen pèfòmans ajans rekouvremman sou fonksyon li yo pral adere ak misyon, vizyon, valè fondamantal, kondisyon Règleman Èd Finansye a ak Règleman sou Rekouvremman ak Bòdwo BSCHS la.
 - c. Ajans rekouvremman an dwe dakò pou enfòmè garan an 30 jou anvan li kòmanse nenpòt ECA e apre efò rezonab te fin fèt nan detèmine si pasyan kalifye pou FAP.
 - d. BSCHS pral kenbe posasyon dèt la (sa vle di dèt la pa "vann" bay ajans rekouvremman an)
 - e. Ajans rekouvremman an dwe gen pwosesis an plas pou idantifye garan yo ki gendwa kalifye pou Èd Finansye. Ajans rekouvremman an dwe kominike disponibilite Pwogram Èd Finansye a e refere an retou garan yo ki ap chèche Èd Finansye bay Depatman Sèvis Kliyan BSCHS la. Ajans rekouvremman an pa pral chèche peman nan men yon garan ki te soumèt yon aplikasyon pou Èd Finansye.
 - f. Omwen 120 jou dwe pase nan lè BSCHS te voye premye bòdwo a bay garan nan kont la.
 - g. Garan an p ap negosye yon plan peman oswa li pa sou yon plan peman.
 3. Kritè Ajans Rekouvremman Primè a- Yon fwa yon kont refere bay ajans rekouvremman primè a, yo pral pase pwosesis entèn yo a nan chèche asirans aktif, verifikasyon adrès ak telefòn ak yon pwosesis pou kourye ki tounen yo. Anplis, yo ka fè rapò kredi ak rechèch byen yo. Nan fen pwosesis sa a, efò rekouvremman anba yo pral fèt:
 - a. Omwen yon lèt te ale.
 - b. Omwen yon apèl te fèt.
 - c. Kont pasyan ki mouri oswa ki an fayit yo ap retounen touswit.
 - d. Kont ki se kourye tounen e ki pa gen yon nimewo telefòn ap retounen.
 - e. Kont ki nan rekouvremman aktif yo avèk ajans rekouvremman an pandan 180 jou apati dat referans la ap fèmen e retounen bay BSCHS.

APWOUVE PA

 Direktè sistèm – Kontabilite Jeneral Pasyan
 Bon Secours Charity Health System
 Manm Westchester Medical Center Health Network

 Dat

 Vis Prezidan Sik Revni
 Bon Secours Charity Health System
 Manm Westchester Medical Center Health Network

 Dat

 Vis Prezidan Egzekitif, Planifikasyon Finansye ak Swen ki Jere
 Westchester Medical Center
 Westchester Medical Center Health Network

 Dat

ISTORIK RÈGLEMAN AN

Règleman Orijinal Bon Secours Community Hospital
Règleman Orijinal Good Samaritan Hospital
Règleman Orijinal St. Anthony's Community Hospital

DAT APWOBASYON:

05/16 - D	01/21 - R	
1/17 - C		
10/17 - C		
11/17 - R		

MM/YY. D pou devlope (prepare), C pou chanje, R pou revize